


# SOCIALLÍQ LINGVISTIKANÍŃ QURAMÍNA KIRETUǴÍN NEGIZGI MÁSELELERI

**Karlıbaeva G.**
**Kadirniyazova B.**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
https://doi.org/10.5281/zenodo.15761264

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 20-Iyun 2025 yil
Ma’qullandi: 24-Iyun 2025 yil
Nashr qilindi: 28-Iyun 2025 yil

**KEY WORDS**

*sociallıq dialektler, sociallıq-kommunikativlik sistema, birtillilik, ekitilllilik, kóptillilik, diglossiya, esperanto, edo, volyapyuk, orfografiyalıq, punktuaciyalıq, orfoepiyalıq.*

**ABSTRACT**

*Maqalada sociallıq lingvistikanıń quramına kiretuǵın negizgi máseleleri úyrenilgen.*

Hárqanday ilimniń obyektiv shınlıqtı bildiretuǵın ózine tán túsinikler jıynaǵı boladı. Mısalı, til bilimi tildiń sesler sistemasın, sózlik qorı menen grammatikalıq qurılısın úyrenedi. Tildiń usı sistemaları fonetika, leksikologiya hám grammatika tarawlarında úyrenilip, óz ishinde hártúrli uǵım-túsinikler menen, olarǵa baylanıslı terminler menen túsindiriletuǵınlıǵı mektep dáwirinen belgili. Al sociolingvistika ilimi ne? Ol tildi qalay izertleydi?

Ápiwayı til menen aytqanda, adamnıń tiline, onıń kúndelikli sóylew procesine sociallıq ortalıqtıń kóplegen tásirleri boladı. Mine, usını sociallıq lingvistika úyrenedi. Eger bunı bizge belgili «dástúriy» lingvistika menen salıstıratuǵın bolsaq, ol tillik tańbanı (ses, sóz, morfema, affiks, sóz dizbegi, gáp) orfoepiya, orfografiya túrlerine, mánisine, bir-biri menen qatnasına, olardıń waqıt ótip ózgeriwine tallaw jasasa, sociolingvistika sol tillik tańbalardı adamlar jasına, jınısına, sociallıq jaǵdayına, ortalıǵına, bilim dárejesine, mádeniy ortalıǵına h. t. b baylanıslı. Qalay paydalanadı: bári birdey me yamasa hártúrli qollanıla ma? degen pikirge dıqqat awdaradı.

Sociolingvistika túrli ilimler: sociologiya, etnografiya, antropologiya, psixologiya, mádeniyattanıw, pedagogika, tariyx, siyasattanıw, dintanıw, yuridika t.b. ilimler menen hám til biliminiń basqa tarawları – kognitiv lingvistika, genderlik lingvistika, lingvistikalıq statistika, areal lingvistika, psixolingvistika t.b. menen tıǵız baylanısta rawajlanıp kiyatırǵan til biliminiń jas tarawlarınan biri. Sociolingvistika ataması eki quramlıq bólimnen ibarat bolıp, latınsha socialic-jámiyet hám lingua-til sózlerinen quralǵan. Ol jámiyetlik til bilimi.

Til biliminde ol tómendegi mánilerde qollanıladı:

1. Til hám jámiyet ortasındaǵı, yaǵnıy jámiyet turmısı hám rawajlanıwında tildiń ornı, kerisinshe, tildiń rawajlanıwında jámiyettiń áhmiyeti.

2. Tilde millettiń sociallıq toparlarǵa bóliniwi múnásibeti menen bolatuǵın ayırmashılıqlar.

Pán hám texnika rawajlanıwı hám XX ásir ortalarında payda bolǵan sociallıq ózgerisler sebepli til bilimi páni basqa pánler qatarı jedel rawajlana basladı. Sociolingvistika páni tek til bilimi hám jámiyettanıw pánleri arasındaǵı múnásibetlerdi emes, al filosofiya, sociallıq psixologiya, etnografiya, tariyx hám basqa pánlerge baylanıslı máselelerdi de qamtıp aladı. Pánde usı baǵdarǵa bolǵan qızıǵıwdıń kúsheyiwi túrli sebeplerge baylanıslı bolıp, olar tómendegiler:

1. Jámiyettiń ilimiy tiykarlanǵan til siyasatına bolǵan zárúrligi

2. Struktural til biliminiń tildiń tek ishki dúzilisin úyreniwge bolǵan qızıǵıwı.

XX ásirdiń 30-jıllarında maydanǵa kelgen strukturalizm tilde tiykarınan bir tárepleme úyreniwdi, tildiń dúzilisi hám quralıwshı birlikler arasındaǵı múnásibetlerdi úyreniwdi tilge baylanıslı basqa máselelerden ústem etip qoydı. Nátiyjede til birliklerine tán bolǵan forma hám máni birligin biykarlap, tek formanı úyreniwge itibar qaratıldı. Kóp ótpey, bul aǵım kriziske ushıradı, sebebi ol qoyılǵan maqsetlerdi úzil-kesil sheshe almaydı. Tildiń jasawı hám rawajlanıwı bul tilde sóylesiwshi jámiyet penen úzliksiz baylanıslı ekeni anıq bolıp qaldı.

Sociolingvistikanıń obyektin belgilewde tilshilerdi eki toparǵa ajıratıw múmkin. Tilshilerdiń bir topar pútin tilge tiyisli bolǵan sociallıq jaǵdaylardı, til hám jámiyet qatnasın úyrenedi. Biraq sóylewde, tildiń kelip shıǵıwında, onıń ulıwmalıq ózgesheliklerine qatnas bildirmeydi. Basqa bir topar tilshiler bolsa túrli tillerdiń individual variantlıǵına hám mikroprocesler (shaxslar aralıq qatnas, kishi toparlar qatnasına) itibar qaratadı. Adamnıń sóylew ózgesheligi kóbinese qarım-qatnas procesine baylanıslı boladı. Hárbir proceste adam hártúrli sóyleydi: sóylesiwshi menen teń jaǵdayda yamasa onnan ózin joqarı tutıwı (geyde oǵan ǵárezli) bolıwı múmkin. Ulıwma adamlar jámiyette bir-biri menen qarım-qatnas jasaǵanda hártúrli xızmetti: áke-bala, kúyew-hayal, baslıq-baǵınıwshı-xızmetker, satıwshı-satıp alıwshı, shıpaker-awırıw, muǵallim-oqıwshı, oqıtıwshı-student t. b orınlaydı. Usınday rol túrleri soylew menen sóz qollanıw kónlikpesiniń ózgesheligin ańlatadı. Aytayıq, bala ákesi menen qurdasınday sóylespeydi. Sonday-aq, student penen oqıtıwshınıń, shıpaker menen awırıwdıń, baslıq penen xızmetkerdiń sóz qollanıwları qalalıq kóliktegi tanıs yamasa tanıs emes adamlardıń sóylesiwlerindegidey bolmaydı. Joqarıdaǵı mısallardan kórip otırǵanımızday sociallıq lingvistika óz itibarın tilge, tildiń ishki qurılısına emes, onıń jámiyette qalay qollanılatuǵınına dıqqat awdaradı. Usıǵan baylanıslı oǵan tásir etetuǵın faktorlar, sóylewshilerdiń hártúrli sıpatlamalarınan baslap (jası, jınısı, bilimi, kásibi t. b) ayırım sóylew ózgesheligine deyin esapqa alınadı. Sociallıq lingvistika tildi durıs sóylep, durıs paydalanıwshılar menen, óz sóylesiwlerinde jámiyette, tillik ortalıqta qáliplesken tillik normanı buzatuǵın, qátelesetuǵın, birneshe tillik stillerdi yamasa birneshe tildiń elementlerin aralastıratuǵın «paydalanıwshılardı» úyrenedi. Tildi qollanıwdaǵı usınday barlıq ózgesheliklerdi biliw, olardı tallap tusindiriw, kelip shıǵıw sebeplerin anıqlaw tildi rawajlandırıw jumısları ushın áhmiyetli másele bolıp tabıladı.

Sociolingvistikanıń predmetin – qısqasha «insan hám jámiyet» dep belgilew múmkin. Izertlew predmeti tildiń jámiyettegi xızmet etiwi bolıp esaplanatuǵın sociallıq lingvistika tildiń ishki qurılısın ulıwma maǵlıwmat retinde qabıl etkeni menen, onı arnawlı úyrenbeydi.

Dúnyada bir til emes, eki til yamasa onnan da kóp tiller qollanılatuǵın jámiyetler (mámleket, aymaq t.b) bar. Mine, usınday eki, ush onnan da kóp til xızmet etetuǵın jamiyettegi

sociallıq-lingvistikanıń predmeti qanday? Bunday jaǵdayda sociallıq lingvistika birneshe tillerdiń óz ara qarım-qatnasta xızmet etiw negizin izertleydi. Olar sociallıq turmıstıń qanday tarawlarında qollanıladı? Qanday til «basshılıq» etedi, yaǵnıy qaysı til negizgi qatnastaǵı mámleketlik yamasa rásmiy til bolıp tabıladı? Onıń mánisi nede? Adamlar bir tilden ekinshi tilge nege kóshedi, ana tilin awmastırıw sebebi nede? Qanday jaǵdayda hám qanday formada qos tillilik, kóptillilik túrleri rawajlanǵan? Mine, úyrenip qaraǵanda, usınday máseleler menen dástúriy lingvistika da, sociologiya da emes, tek sociallıq lingvistika shuǵıllanadı. Sociallıq lingvistika degen atamadan kórinip turǵanınday, bul ilimiy pán birneshe ilimlerdiń (til bilimi, sociologiya, psixologiya, tariyx, etnografiya, demografiya, ekonomika, siyasattanıw t.b) kesilisken jerinde payda bolǵan. Sociallıq lingvistikanıń usınday ilimler aralıq sıpatın kóplegen alımlar moyınlaydı, biraq bul moyınlawshılıq onıń qaysı ilimge kóbirek jaqın ekenligine juwap bola almaydı. Bunnan bul ilimdi izertlew menen kim shuǵıllanadı degen soraw tuwıladı. Bunday sorawǵa házirgi sociallıq lingvistika – bul til biliminiń bir tarawı dep anıq juwap beredi.

Sociolingvistika tikkeley jas pánlerdiń biri bolǵan psixolingvistika menen de baylanıslı esaplanadı. Óz ornında psixolingvistika ózi ne? Ol neni úyrenedi degen soraw payda boladı. Psixolingvistika psixologiya hám lingvistika aralıǵında orın alǵan túsinik. Bul túsinik eń dáslep 1946-jılı Nikolay Pronko tárepinen paydalanılǵan. Ol til, oylaw hám sana ortasındaǵı óz ara múnásibetti úyrenedi. Psixolingvistikanıń 3 tiykarǵı baǵdarı bar. Birinshi, filologiyalıq psixologiyalıq qatnas jasaw. Ótken ásir filologlarınıń pikirinshe til – bul ruwx iskerligi hám xalıq mádeniyatınıń kórinisi bolıp tabıladı. Bul arqalı olar til tek fizikalıq emes,bálki, ruwxıy komponentlerge de iye hám ol tek insanlarǵa tán dep atap ótilgen.

Psixolingvistika tariyxında B.L.Uorftıń gipotezası (lingvistikalıq salıstırmalıq teoriyası) áhmiyetli orın iyeleydi. Áyne onıń háreketleri nátiyjesinde til hám oylaw ilim baǵdarında úlken qızıǵıwshılıqlarǵa sebep boldı. Psixolingvistikanıń ekinshi baǵdarı Amerikalıq strukturalistler tárepinen de «til iyesi bolıw gáplerdi tuwrı ayta alıw qábiletine tiykarlanadı» dep aytıp ótken N.Xomskiydi qollap-quwatlaǵan. Psixolingvistikanıń úshinshi baǵdarı psixologlar tárepinen islep shıǵılǵan bolıp, til hám sóylew máseleleri menen shuǵıllanǵan.

Sociallıq lingvistikanıń predmeti – janlı kúndelikli til. Ózi támiynley alatuǵın jámiyettiń sociallıq-kommunikativlik sistemasındaǵı tildiń xızmet etiw negizleri menen olardıń óz ara qatnası sociallıq lingvistikanıń izertlew maqsetin kórsetedi. Joqarıdaǵı aytıp ótkenimizdey, sociallıq lingvistika tildiń ishki qurılısın izertlemeydi, biraq tillik elementlerdiń jámiyettiń sociallıq qurılısındaǵı elementler menen shártli baylanıslardı úyrenedi. Ulıwma til jámiyette belgili bir sociallıq qurılıslarǵa iye bola otırıp, qansha xızmet etse, tildi sociallıq kontekstte izertleytuǵın sociallıq lingvistika ilimi tuwralı da sonsha aytıwǵa boladı. Til bilimi boyınsha oqıw qollanbaları menen sabaqlıqlardıń, sonday-aq, sociallıq lingvistika boyınsha arnawlı izertlewlerdiń avtorı B. N. Golovin sociallıq lingvistika pánin úyrene otırıp, onı keń hám tar mazmunda sıpatlama beriwge boladı deydi. Ol tildiń qurılısı menen onıń xızmet etiwin anıqlay otırıp, tildiń sociallıq bóliniwi máselesine baslı dıqqat awdaradı. Solay etip, tildiń sociallıq bóliniwiniń tómendegidey túrlerin kórsetedi:[1].

1. Aymaq boyınsha bóliniwi (bul jergilikli, aymaqlıq dialektlerdiń bolıwı);

2. Sóylew materialınıń túri boyınsha bóliniwi (bul ulıwma tildiń awızsha hám jazba formalarınan korinedi);

3. Sóylew procesiniń qurılısı boyınsha bóliniwi (bul tildegi dialoglıq hám monologlıq variantlardan anıqlanadı);

4. Sociallıq dúzimniń tipi boyınsha bóliniwi (bul funkcionallıq stillerden korinedi);

5. Xalıqtıń sociallıq toparı boyınsha bóliniwi (bul tillerdegi kásiplik, sociallıq variantlardan anıqlanadı).

6. Sózlik shıǵarmalardıń janrı menen tipi boyınsha bóliniwi;

7. Sózlik shıǵarmalardıń avtorları boyınsha bóliniwi (bul tildiń variantlarınan anıqlanadı).

Ulıwma til bilimindegi alımlar pikirleri menen kózqarasların, sonday-aq, usı taraw boyınsha arnawlı sabaqlıqlar menen oqıw qurallarına súyene otırıp, sociallıq lingvistikanıń quramına kiretuǵın tiykarǵı máselelerdi tómendegishe úyrenemiz.

1. Sociallıq lingvistika tildiń dúzilisin, rawajlanıwı menen xızmet etiwin jámiyetlik ortalıqta úyrenedi, tildiń jámiyetke, jámiyettiń tilge tásir etiwin izertleydi.

2. Tildiń jámiyetlik xızmetin, onıń túrlerin hám tildiń xızmet etiwinıń ayrım tariyxıy sociallıq jaǵdayda baylanıslılıǵın izertleydi.

3. Tildiń ómir súriw formaların, yaǵnıy ádebiy til hám ádebiylestirilmegen formalardı: awızeki sóylew tili, jergilikli dialektler, sociallıq dialektler tildiń basqa da ómir súriw formaları úyrenedi.

4. Tildiń bóliniwiniń negizgi túrlerin: sociallıq, atqaratuǵın xızmeti, stillik, aymaqlıq t. b. qollanıwların, tildiń bóliniwine tásir etetuǵın jámiyetlik faktorları, jámiyetlik turmıstaǵı tarawlar, sociallıq ortalıq, sóylew procesin izertleydi.

5. Sociallıq-kommunikativlik sistema, onıń komponentlerin, yaǵnıy sociallıq lingvistikanıń birden-bir predmeti bolıp tabılatuǵın etnolingvistikalıq hám tillik process mashqalasın, ondaǵı birtillilik, ekitilllilik, kóptillilik hám diglossiya máselelerin izertleydi.

6. Tildiń rawajlanıwındaǵı jámiyetlik shártlilikti, túrli jámiyetlik tariyxıy formaciyalardaǵı tillerdiń sociallıq tiplerin (ruwlıq, taypalıq tiller, xalıq tili, millet tili, dialektler, milletleraralıq tiller, koyne, pijin, kreol tiller t. b.) úyrenedi.

7. Ádebiy til, onıń baslı belgileri menen xızmetin, tillik normanıń sociallıq qırların, tildiń stillik bóliniwin, olardıń ekstralingvistikalıq qubılıslarǵa baylanıslılıǵın (sóylew mazmunı, baǵdarı, adresantı, adresatı t. b.) izertleydi.

8. Sóylew háreketin, ondaǵı ózgerisler hám onıń sociallıq proceske baylanıslılıǵın, sonday-aq sóylewshilerdiń sociallıq belgilerin (jası,bilim dárejesi, kásibi t.b.) úyrenedi.

9. Tillerdiń sociallıq lingvistikalıq klassifikaciyasın, yaǵnıy tillerdiń atqarıp otırǵan jámiyetlik xızmeti boyınsha bóliniwin, sociallıq tiller, olardıń sociallıq xızmeti menen dúzilisin (keń tanımalılıǵı, sanalı túrde tańlanıp qabıllanıwı, xızmet etiw maqseti, óz aldına dúzilislik ayrıqshalıǵı, baylıǵı menen tujırımlılıǵı t. b.), keleshek tili haqqındaǵı máselelerdi maqset etedi.

10. Xalıqaralıq kómekshi tiller mashqalasın, esperanto, edo, volyapyuk hám basqa da jasalma tiller, olardıń qollanılıw maqsetin, Interlingvistika máselelerin izertleydi. Sociologiyalıq dialektologiya mashqalaların úyrenedi.

11. Til dúzilisindegi hám onıń jeke bólimlerindegi sociallıq ózgerislerdi, tildegi progress túsinigin, adam hám til mashqalasın, til rawajlanıwındaǵı aldın ala rejelestirilmegen (stixiyalı)

hám sanalı túrdegi háreketlerdi, olarǵa tásir etiwshi faktorları, til rawajlanıwın sanalı túrde rejelestiriw, retlew mashqalasın, tilge sanalı tásir etiwdiń tipi menen formaların (tildi saqlaw hám qarım-qatnas quralı retindegi qollanıwın rawajlandırıw, xızmetin keńeytiw, sózlik qorınıń tolıwına múmkinshilik jasaw. Orfografiyalıq, punktuaciyalıq, orfoepiyalıq hám leksika-frazeologiyalıq normalardı jetilistiriw) t. b. máselelerdi izertleydi.

12. Házirgi dáwirdegi sociallıq lingvistikalıq progrestiń baslı nızamlılıqların, ilimiy-texnikalıq progress dáwirindegi tildiń jaǵdayın, jámiyetke, tilge ilimiy-texnikalıq ósiwdiń tásir etiw sıpatı, tildiń ilimiy stiliniń rawajlanıwın, terminologiyasınıń jetilisiwi menen ilimiy-texnikalıq terminolgiya arqalı ulıwma (xalıqaralıq) qordıń bayıp barıwın, tildegi ózgerislerdiń jámiyet rawajlanıwına baylanısın t. b mashqalalardı úyrenedi.

13. Til siyasatı, onıń óz aldına baǵdarların, tiplik túrlerin (alfavit dóretiw hám onı jetilistiriw, tillerdi ana tili, mámleketlik til, xalıqaralıq til, aymaqlıq til hám t. b. retinde rawajlandırıw sharaları, ádebiy tildiń leksikası menen sintaksisi, olardıń atqaratuǵın stilin rawajlandırıw, ádebiy til normaların jetilistiriw) izertleydi.

14. Rawajlanǵan jámiyettegi, millet hám milletleraralıq tiller problemaların úyrenedi.

15. Mámleketlik (rásmiy) til máselesin, onıń mazmunı menen xızmetin sóz etedi, sociallıq úlgi-tájriybelerdi salıstıra otırıp, úlgi retinde usınadı.

16. Házirgi sociallıq lingvistikanıń dúzilisin: sinxroniyalı hám diaxroniyalı, jeke, salıstırmalı-tipologiyalıq, ulıwma teoriyalıq hám ámeliy sociallıq lingvistika máselelerin, sociallıq lingvistikanıń lingvistikalıq hám jámiyetlik-gumanitarlıq ilimler menen baylanısın, olardıń ishinde atqaratuǵın óz aldına ornın anıqlaydı.

17. Sociallıq lingvistikanıń óz aldına metodların, material jıynaw dereklerin, soraw qoyıw, onıń túrlerin, eksperimentler, sorawnama baǵdarlamalardı, sorawlardı paydalanıw jolların, materialdı tallaw, onıń metodların tallaw máselelerin, olardıń tiykarların arnawlı izertleydi.

18. Sociallıq lingvistika tariyxına házirgi sociallıq lingvistikanıń Evropadaǵı, Amerikadaǵı hám Shıǵıs elleri til bilimlerindegi rawajlanıw dereklerine, AQSH, Franciya, Angliya, FRG, Italiya, Rossiya hám Yaponiyadaǵı házirgi sociallıq lingvistikalıq izertlewlerge sholıwlar jasaladı.

19. Qaraqalpaq til biliminde sociallıq lingvistikanıń qáliplesiwi menen rawajlanıwın, házirgi mashqalaların izertleydi.

## References:

1. Головин Б.Н. Вопросы социальной дифференциации языка. В кн.: Вопросы социальной лингвистики. -Л., 1969.
2. Никольский Л.Б. Синхронная социолингвистика (Теория и проблемы). – М., 1976.